



Miami Jewish Health

AVI SOU PWOTEKSYON LAVI PRIVE

DAT LI ANTRE ANVIGÈ: 23 septanm 2013

PRATIK SOU PWOTEKSYON LAVI PRIVE MIAMI JEWISH HEALTH DAPRÈ HIPAA, FASON NOU KA UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON OU, AK FASON OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A.

TANPRI, LI AVÈK ANPIL ATANSYON

- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w bay lòt pwofesyonèl swen sante ki nan òganizasyon an nan objektif pou ba w bon jan kalite swen sante.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w bay konpayi asirans ou nan objektif pou òganizasyon an resevwa peman pou sèvis swen sante nesèsè li te ba w.
- Si w peye konplètman pou yon sèvis oswa materyèl sante ak lajan nan pòch ou nèt, ou ka mande nou pou n pa pataje enfòmasyon sa nan objektif peman oswa aktivite nou avèk konpayi asirans sante w la.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w bay fonksyonèl lalwa yo nan ka yon envestigasyon kote w se yon viktim abi, krim oswa vyolans domestik.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w bay lòt pwofesyonèl swen sante yo nan ka kote ou bezwen swen an ijans.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w bay yon òganizasyon sante piblik pou yon sitiyaasyon tankou nan ka yon maladi atrapan, pou ede nou retire yon pwodwi sou mache a, rapòte reyaksyon negatif yon medikaman oswa redwi menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun.
- Nou pap kominike enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w pou okenn lòt rezon ke sa ki idantifye nan avi sa a.
- Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pasyan (PHI) ki annapre yo egzije w bay otorizasyon w alekri; nòt sikoterapi, divilgasyon PHI pou fè maketin, ak divilgasyon ki konstitiye yon lavant enfòmasyon PHI ou. Ou ka anile otorizasyon w bay pou kominike enfòmasyon sou eta sante w la nenpòt kilè.
- Òganizasyon an ka fè w sonje nenpòt randevou, opsyon tretman swen sante oswa lòt sèvis sante ki kapab enterese ou.
- Òganizasyon an ka kontakte w nan objektif pou kolekte lajan pou sipòte fonksyonman òganizasyon an. Ou ka refize resevwa kalite kominikasyon sa yo lè w swiv enfòmasyon yo bay nan materyèl sou koleksyon lajan yo.
- Ou gen dwa pou w mete restriksyon sou enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w. Toutfw, òganizasyon an ka chwazi refize restriksyon w lan si l anpeche yo ofri w bon jan kalite swen sante oswa nan ka yon sitiyaasyon ijans.
- Ou gen dwa pou w resevwa kominikasyon konfidansyèl sou eta sante w.
- Ou gen dwa pou w revize ak fè kopi enfòmasyon sou eta sante w.
- Ou gen dwa pou w fè chanjman nan enfòmasyon sou eta sante w.
- Ou gen dwa pou w konnen ki moun ki te gen aksè nan enfòmasyon konfidansyèl sou eta sante w ak pou ki rezon.
- Ou gen dwa pou w mete restriksyon sou divilgasyon plan sante w ak nenpòt PHI ki te kreye apati de yon sèvis ke w te peye pou li ak lajan nan pòch ou.
- Lalwa egzije pou òganizasyon an pwoteje konfidansyalite pasyan li yo. Li pral kenbe nenpòt ak tout enfòmasyon sou eta sante pasyan an konfidansyèl epi li pral bay pasyan an yon lis obligasyon oswa pratik k ap pwoteje enfòmasyon sou eta sante yo.
- Òganizasyon an pral avize pasyan yo lè yo dekouvri yon vyolasyon. Nou pral avize pasyan (yo) byen vit epi pa plis pase 60 jou apati lè nou te dekouvri vyolasyon an. Notifikasyon an pral gen ladan l yon deskripsyon byen kout sou ki fason vyolasyon an te rive, yon deskripsyon PHI kite enplike, ak etap pasyan (yo) dwe swiv pou yo pwoteje tèt yo kont danje. Notifikasyon an pral gen ladan l tou kontak enfòmasyon moun pou yo poze kesyon yo genyen yo.
- Ou gen dwa pou w pote plent nan òganizasyon an si w kwè ke yo te vyole dwa konfidansyalite w. Si w panse ke yo te vyole dwa konfidansyalite w, tanpri voye plent ou bay òganizasyon an pa lapòs.
- **Nou ap egzamine tout plent yo.**
- **Nou p ap ba w sanksyon paske w depoze yon plent.**
- **Nou p ap fè vanjans kont ou paske w depoze yon plent.**

Ou ka depoze tout plent yo alekri nan:

ATANSYON: Ofisye pou Pwoteksyon Konfidansyalite Miami Jewish Health, 5200 N.E. 2nd Avenue, Miami, FL 33137

Oswa ou ka depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil nan Minisè Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an lè w voye yon lèt nan:

200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.

POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU AVI SOU PWOTEKSYON LAVI PRIVE SA A, TANPRI KONTAKTE: CAMERON SHANKLIN, OFISYE POU PWOTEKSYON KONFIDANSYALITE A NAN 305.751.8626, LIY DIRÈK : 65299.